



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
BAKALOREYA SESYON JIYÈ 2022
SEGONDÈ IV
SERI: (SVT/SES/SMP)
KREYÒL

MATOMANN

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures

Si jodi m pran bato
Pou m neye kon krapo
Nan mitan vag lanmè
Pou m kabre lamizè

Si timoun pa grandi
Si pa menm ret peyi
Si tout bagay kwochi
Menm si w pa janm sezi

Si tèt mòn mwen kale
Si m aprann pou m bliye
Si m manje nan fatra
Si m pran ranyon pou dra

Si ti nèg lonje kwi
Douvan biwo Loni
Si lavi n sanzavni
Si Ayiti mouri

Lavwa:

Se paske w detripe l
Ou pete blad tete l
Se paske w espwate l
Ou kreve de grenn je l

Ou s on papa lanfè
On ma drapo lisifè
Alòs de syèk an syèk
Jevèt vin pi akrèk

Beethova Obas nan albòm “si”

PREMYE PATI

A- Konpreyansyon tèks (25 pwen/ 5 pwen pou chak bon repons)

- Konbyen estwòf tèks la genyen?
- Bay tèks la yon tit.
- Ki pwonon pèsonèl otè a plis itilize nan tèks la? Eksplike poukisa.
- Reyekri dènye estwòf tèks la yon fason pou ou fè l tounen rim kwaze.
- Ki sans vè sa genyen pou ou?
“Jevèt vin pi akrèk”

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen/ 5 pwen pou chak bon repons)

- Ki figi estil ou jwenn nan fraz anba a:
“Fondatè endepandans Ayiti a te genyen kanson fè.”

- Ekri yon fraz pou chak estrikti sa yo:
a) Advèb + Non + Vèb.
b) Det + Adj + Non + Vèb + Prepozisyon + Non + Det.
Ch) Non + Det + Vèb.
d) Non + Vèb.
- Fè reprezantasyon grafik fraz anba a:
“Yè, Edna te ale legliz la.”
- Ekri de (2) pwovèb ayisyen ou konnen epi endike sans yo.
- Jwenn rasin mo **detripe**.
- Ki kalite rim ou jwenn nan ekstrè sa a:

Si tèt mòn mwen kale
Si m aprann pou m bliye
Si m manje nan fratra
Si m pran ranyon pou dra

- Tradui fraz anba a an kreyòl ayisyen.

“Il se peut que nous soyons en retard pour la rencontre d’aujourd’hui”.

- 8- Jwenn de (2) entèpretasyon posib pou fraz sa a.
“Jakito bay vag.”

DEZYÈM PATI

Ch- Literati (10 pwen)

zèv	Jan literè
Zabèlbòk	
Lavi nan bouk	
Dezafi	
Choukoun	

TWAZYÈM PATI

Pwodiksyon Ekri (chwazi youn nan (2) sijè sa yo. (25 pwen)

- 1- Ekri yon tèks agimantatif ki pwouve aklè enpak negatif fenomèn ensekirite a genyen sou pèfòmans elèv lekòl yo pou ane akademik 2021-2022 a.
- 2- Ou te patisipe nan yon reyinyon para-akademik pou klas ou a. Fè kontrandi rankont lan pou komite klas la.